

Aprè sekou ann ede Ayiti kanpe

Apiye bònn gouvènans aprè tranblemantè ki te frappe Ayiti

www.oxfam.org



Yon Ayisyen ap gade kay ki kraze nan yon katye nan Pòtòprens, Ayiti, 6 me 2010. ©Ami Vitale

Efò ki fèt depi katastròf ki frappe Ayiti nan dat 12 janvye 2010 lan, se youn nan pi difisil ki janm mete sou pye. Sepandan, alòske gentan gen preske yon lane depi malè sa'a te frappe peyi-a, gouvènman Ayisyen, ansanm ak patnè entènasyonal li yo, pa rive fè gwo pwogrè nan sa ki konsène rekonstriksyon peyi-a.

Otorite peyi d'Ayiti ta sipoze fè plis jefò nan lidèchip ak fason y ap jere peyi a taktik nan jan yo jere peyi-a epi pran desizyon ki ka rezoud problèm ki pi ijan popilasyon ap fè fas konfronte yo. Yo ta sipoze kòmanse gwo pwojè enfrastrikti piblik travay konstriksyon ki ka bay moun travay epi bay moun kap travay yo fòmasyon; Ede moun ki anba tant yo retounen lakay yo, bay tè pou yo bati kay; investi nan agrikilti. Kominote entènasyonal la sipoze fè plis pou li kore jefo sa yo nan apiye enstitisyon peyi d'Ayiti yo pou yo vinn pi djam ak pi responsab.

Rezime

Tranblemantè ki te frape peyi d' Ayiti 12 janvye 2010 lan , ravaje peyi a ki te deja chaje ak pwoblèm, li voye plis pase 200.000 moun nan peyi san chapo, lague plis pase yon milyon lèzot nan dòmi anba tant deyò. An octòb 2010 yon lòt malè frape peyi d' Ayiti, maladi kolera ki gentan fè plis pase 122.000 moun pran kabann¹, epi touye 2,600 lèzòt¹.

Repons òganizasyon kap bay èd yo pandan diran 12 dènye mwa yo ede sove anpil vi nan bay dlo, abri, manje, ak lòt asistans ki enpòtan bay plizyè milyon moun. Malgre sa, prèske yon lane depi tè a te tranble, ni gouvènman Ayisyen-an ni patnè entènasyonal preske pa fè ayen nan sak gen revwa ak rekonstriksyon an.

Sitiasyon sa'a se yon desepsyon pou anpil Ayisyen ki panse peyi'a ta pral demare, eke yo ta pral finalman gen yon demen miyò, men sa pa etonnen pèsan. Depi anvan tranbleman tè a, Ayiti tap fè fas ak yon sitiyaasyon la mizè makaron, inegalite ki pa bèl nan je, pwoblèm politik ki pa janm fini, avèk yon gouvènman ki fèb, jwenn ak enstitisyon leta yo ki koronpi. Menm nan peyi devlope, leve kanpe apre yon kastatròf pran yon bon bout tan. Nan peyi Japon pa egzamp, li te pran plis pase sèt lane pou vil Kobe te leve kanpe aprè tranbleman kite kraze'l an 1995.

Sepandan, pa gen anyen ki enposib. Pou fè fas kare ak dega tranbleman tè-a koze yo, nouvo gouvènman Ayisyen-an ki gen pou monte nan mwa Fevriye² ta sipoze komanse travay men nan men, san pèdi tan avèk kominote entènasyonal la pou kreye kondisyon nesèsè kap pèmèt moun yo kite kan deplase yo epi reprann aktivite kap bay yo mwayen pou yo viv.

Ann koute Ayisyen yo

Otorite peyi d' Ayiti ta sipoze kòmanse atake yon seri de gwo dosye ke sèl yo ka manyen paske se responsabilite pa yo. Yo ta sipoze regle pwoblèm legal ki fè yon seri de kay pako ka repare e ki ampeche yon seri de travay debleyaj fèt. Yo sipoze konmanse pran mezi pou ede moun yo retounen nan kominote kote yo tap viv yo ak konstwi kay sou anplasman ki la deja oswa lòt kote yo ka bati kay.

Gouvènman peyi d' Ayiti ta sipoze, san pèdi tan, prezante yon plan alontèm epi mete kanpe pwogram investisman kap fè moun jwenn travay ak montre yo metye. Pwogram konstriksyon ki employe anpil moun, tankou rezo dlo ak konstriksyon wout, se kèk nan pwojè pou yo ta anvisaje. Nou ta sipoze mete sou pye tou pwogram proteksyon sosyal, tankou transfè lajan ak pwogram mikro kredi; de pwogram sa yo kap garanti byenèt moun yo akoutèm epi pèmèt yo kreye aktivite ekonomik. Donatè ta sipoze sipòte epi bay inisyativ sa yo priyorite.

An Ayiti, pouvwa, desizyon kap pran, richès, tout bagay chita nan

potòprens, prensipalman nan men yon ti gwoup moun. Pwosesis desentralizasyon-an ta dwe ale pi lwen e fèt pi vit, bay otorite lokal yo plis libète pou yo ka fè fas ak pwoblèm yap konfronte yo. Aprè eleksyon pale anpil novanm 2010 yo, yo ta dwe tou marye efò sa yo ak nesite pou kombata koripsyon nan tout nivo, etabli rapò konfyans ant sitwayen Ayisyen yo ak otorite yo, e fè gouvènman an pran plis responsabilite plis devan kominote lap dirije yo. Donatè, ajans Nasyonzini, ONG ta dwe travay avèk otorite lokal yo, e yo ta sipoze sipòte pwosesis sila-a.

Kèk branch nan gouvènman Ayisyen ap travay pi byen ke yon sèri lòt. Direksyon Nasyonal Dlo Potab ak Asenisman (DINEPA--an fransè), ansann avèk depatman nan ministè lasante ak ministè agrikilti ak plizyè magistra yon seri de komin, montre ke enstitisyon leta yo ka jwe yon wòl enpòtan nan remete peyi-a kanpe

An Ayiti yo preske pa janm mande moun ki pòv yo dizon yo lè yap pran desizyon ki gen konsekans sou vi yo. Otorite peyi d' Ayiti, ansanm ak kominote entènasyonal ta gen enterè konsilte, kominike, epi enplike pèp ayisyen nan plan ak pwogram pou rekonstri peyi a. Fanm yo sipoze patisipe nan pwosesis sa yo tou. Patisipasyon fanm yo nan desizyon kap pran nan tout nivo nesèsè pou transfòmasyon pouvwa-a, dwa moun kòm sitwayen ak demokrasi. Otorite peyi d' Ayiti yo ta gen enterè sipòte jefò plizyè milyon fanm ak gason peyi d' Ayiti, kap goumen kou yo konen chak jou pou yo jwenn yon demen miyò pou yo menm ak pitit yo.

Sak rann leta-a fèb an Ayiti

Kominote entènasyonal la pa fè ase pou li sipòte bòn gouvènans ak bon jan lidèchip an Ayiti. Anpil ajans kontinye ap bay èd san yo pa konsilte otorite lokal ak nasyonal peyi d' Ayiti yo, alòske donatè yo menm pa antann yo sou koman yap aji ou byen yo pa konsilte pèp Ayisyen ak otorite ki konsène yo jan pou yo ta fè'l la lè yap pran desizyon ki pral gen konsekans sou avni peyi a.

Nan lane 2010 sou presyon kominote entènasyonal la, gouvènman peyi d' Ayiti te dakò mete sou pye Komisyon Interimè pou Rebatè Ayiti. Yo te logikman bal misyon pou li amelyore kòdinasyon, konstwi kapasite leta-a, epi rasanble donatè ak gouvènman-an pou yo sa byen jere pwosesis rekonstriksyon-an.

Sepandan, CIRH la, ki sou gwo enflyans³ etazini, jiska prezan pako ranpli misyon sa-a. CIRH ta sipoze fè plis toujou pou li fè ministè gouvènman Ayisyen yo, otorite lokal yo, ak pèp Ayisyen patisipe plis nan pwosesis planifikasyon ak realizasyon enplemantasyon⁴ pwojè yo. Pou koulyia, gen sèlman de represantan, san dwa vòt, òganizasyon sosyete sivil ayisyen-an nan komisyon-an⁵.

Donatè yo sipoze sispann "politik bilateral⁶ san kontròl" ansanm ak bann politik ak priyorite depaman ki paralize CIRH la. Yo ta sipoze kowòdone plis antre yo, pou evite mankman ak repetisyon nan finansman yo. Pa egzamp gen lajan yo mete disponib pou abri

pwovizwa, men preske pa gen okenn fon ki met la pou leve ranblè.

Gouvènman peyi donatè yo sipoze kenbe angajman yo te pran yo tou, epi bay lajan yo te promèt pou rebati Ayiti-a. An novanm 2010, biwo reprezantan spesyal Nasyon Ini te rapòte ke se sèlman plis ke 40 pousan nan fon yo te promèt Ayiti yo ki te debouse ⁷ an 2010.

Kelkelanswa feblès gouvènman Ayisyen an, li rete sèl otorite grannmoun e patisipasyon li esansyèl pou siksè sak gen revwa ak sekou, rekonstriksyon, ak devlopman an Ayiti. Apre eleksyon general mwa novanm yo, gouvènman ki pra l monte-a ap gen anpil travay pou'l fè. Men lap yon chans istorik pou li divòse ak jan bagay yo te konn fèt e bati yon lòt Ayiti. Pou sa rive fèt, aktè nasyonal ak entènasyonal yo pral oblije redouble jefò pou renfòse kapasite leta-a, politik kap aplike yo, ak responsabilite leta nan nivo lokal ak nasyonal. Okenn repiblik ONG⁸, ni okenn lòt gouvènman "soukote" ki reprezante lòt enterè ki ta gen ladann donatè ak enstitisyon finansyè entènasyonal pap ka bay pèp Ayisyen okenn solisyon dirab.

Rekòmandasyon

Nouvou gouvènman Ayisyen ta dwe:

- Fè prèy bon jan lidèchip politik e mete plis mache prese nan rebati peyi a, komanse pa devlope pwogram travay piblik ki ka kreye travay e bay fòmasyon; ede fanmi ki lage nan lari retounen lakay yo oubyen jwenn lòt kote pou yo rete; mete sou pye pwogram proteksyon sosyal tankou pwogram transfè lajan ak mikro kredi; epi investi nan agrikilti ak biznis Ayisyen;
- Pran mezi pou redwi koripsyon e rann dirijan yo vinn pi responsab de moun yap dirije yo, akselere desentralizasyon-an pou ka bay otorite lokal yo plis pouvwa.

Gouvènman donatè yo, Nasyonzini, ak ONG entènasyonal yo ta sipoze:

- Travay nan plis tèt kole avèk otorite peyi d' Ayiti yo, renfòse kapasite yo e amelyore rezilta ministè yo;
- Donatè yo sipoze debouse lajan yo te promèt nan konferans ki te fèt nan New York an mas 2010 e mete plis transparans nan sa ki gen pou wè ak promès kòb yo, ak kòman lajan yo debouse. Yo ta sipoze fè plis pou yo travay pou youn ak lòt e amonize politik ak priyorite yo;
- Moun ki gen plis pouvwa yo, tankou Bill Clinton, ta sipoze pase men san pedi tan nan jan CIRH la ap mache e kòmanse bay rezilta nan travay yo ba li fè ya.

Otorite peyi d' Ayiti, gouvènman donatè, ak ONG entènasyonal ta sipoze:

- Chita pale, kominike, ak enplike tout bon vre sitwayen ayisyen yo nan rekonstriksyon peyi yo e asire yo pwogram ki la pou remete peyi-a kampe yo pa depaman ak bezwen ki pa ka tann ke moun yo genyen.

Entwodiksyon

Avan tranblemantè 12 janvye 2010 an, Ayiti pat sèlman peyi ki pi pòv nan emisfè lwès la, men tou se te peyi kote revni yo te pi mal repati. Reponn ak bezwen yo aprè tranbleman-an se yon gwo travay, ki pi difisil ankò lè n konnen ke pi fò moun ki viktim yo pat janm rete nan yon bon kay, ni gen yon djòb tout bon.

Depi janvye 2010, preske lemonantye gen je yo fikse sou kelke milyon moun kap viv nan kan deplase ki nan Pòtoprens ak nan alantou'l yo. Sepandan, moun sa yo ap viv bò kote yon milyon lòt kap debat nan bidonvil pòtoprens yo, pi souvan nan kondisyon ki pi pa bon toujou. Sitiyasyon sa-a ap rale plis moun nan kan yo kote sèvis de baz yo, tankou dlo ak sèvis dijen yo pi bon ou sinon gratis. Anpil nan moun ki nan kan yo prè pou yo ta kite sèlman si gouvènman ak ajans entènasyonal kap bay èd yo envesti nan djòb ak enfrastrikti nan kominote yo soti yo.

Akoutèm, ou pa ka two optimis ke pral gen pwogrè. Enstabilite politik, troup sivil ak gouvènman-an ki te paralise pandan lontan aprè eleksyon novann 2010⁹, jwenn ak epidemi kolera-a ki deja touye plis pase 2,640 moun, fè avni pròch lan parèt sòmb.

Sepandan li toujou posib pou pwogrè fèt. Anvan tranbleman-an, ekonomi peyi d' Ayiti te kòmanse ap pran manb toupiti e te gen yon pi gwo stabilite politik. Sitiyasyon sekirite-a te amelyore tou, an pati gras ak presans Misyon Stabilizasyon l'ONI gen an Ayiti-a (MINUSTAH--en fransè). Nan mwayentèm, peyi-a ka tounen sou yon chimen devlopman pozitif si klas politik la ak kominote entenasyonal fè plis jefò pou sa rive – sak ta mande pou yo bay Ayisyen òdinè yo plis pouvwa ak resous.

Nan chèche wè sak gen pou fèt, Oxfam ap itilize eksperyans 32 zan li genyen en Ayiti e brase lide li genyen avèk patnè li gen sou teren-an depi lontan yo, otorite lokal ak nasyonal, ak aktè entènasyonal yo. Dokiman sa-a rale listwa pou li egzamine sous povrete ki pa janm fini nan peyi-a ak difikilte pou gouvènè ki te egziste depi avan tranbleman-a, difikilte ke aktè nasyonal ak entènasyonal yo ap konfronte pou rebati Ayiti, e nesite ki genyen pou yo ede otorite peyi d' Ayiti yo jwe yon pi gwo ròl nan pwosesis remete peyi-a kanpe. Dokiman fini ak rekòmandasyon li fè ak gouvènman Ayisyen ansanm donatè yo, epi bay kelke egzanp de sak ka fèt pou bay plis resilta nan sektè Oxfam travay yo: lojman, bay dlo asenisman, ak aktivite pou moun viv.

2

Anvan tranbleman: povrete ak gouvènans ki fèb

Depi plizyè dizèn lane Ayiti ap fè fas ak gwo sityasyon povrete ak inegalite. Institisyon leta ki fèb e souvan ki koronpi ak politik mal kadre donatè yo, andikape devlopman peyi-a. Plizyè milyon Ayisyen rete trè vilnerab anba katasròf natirèl¹⁰, ak pwopagasyon maladi, jan nou ka wèl nan ka epedemi kolera a¹¹.

Enfòmasyon kle¹²

Popilasyon kap viv ak mwens ke de dola pa jou (2007):	72%
Pousantaj moun nan popilasyon ki pa gen anplwa (2010):	80%
Pousantaj popilasyon ki rete nan vil kap viv nan bidonvil:	86%
Pousantaj moun nan popilasyon ki gen aksè a asenisman (2008):	49% (urban lavil) 83% (rural endeyò)
Plas Ayiti nan Indis devlopman Imen Human (2009):	149 sou 182
Indis feblès leta-a (2008):	129 sou 141

Movèz gouvènans pou bokou nan pwoblèm kap wonje peyi d' Ayiti. Istorikman leta-a pat janm rive bay sèvis de baz yo, devlopman ekonomik, oubyen sekerite ak majorite popilasyon lap dirije-a, sitiyaasyon sa-a se pa sèlman koripsyon ak enstabilite politik ki lakòz li. An Ayiti, relasyon enfòmèl klian ak patron ak rezo elit yo toujou nan konpetisyon oubyen souvan menm domine strikti fòmèl pa leta yo, yon sitiyaasyon ki mete majorite popilasyon-an deyò nan jwèt la e ki rann otorite institisyon leta yo pi frajil. Mank debouche ki genyen an Ayiti kreye yon sitiyaasyon kote moun ki pi save yo pa rete nan peyi-a, kote se yon ti minorite moun ki gen kompetans ak kalifikasyon kap travay nan leta-a oubyen kap envesti nan peyi-a.

En mas 2010, Bill Clinton ki tap pale de kondisyon ki te gen nan akò sa-a ke gouvènman li tap dirije-a te entwodwi te di konsa" Mezi sa yo te petèt bon pou kèk kiltivatè nan Arkansas, men yo pat bon. Se te yon erè e mwens gen fòt pam ladann".

13

Sanksyon ekonomik ak istwa politik mal kadre yo ki pa fè okenn sans ak yon seri de politik kòmèsyial donate aplike bò isit pa regle anyen pou devlopman peyi-a oubyen pou rann leta-a pi solid. Nan epòk gè fwad rejim¹⁴ Duvalier yo (1957-86) te kapab detounen èd entènasyonal la epi teworize popilasyon paske yo te prezante tèt yo kòm yon defans kont ideyoloji kominis nan. Nan lane 1990 yo, politik liberal pou yo ouvè pò yo ke Fon Monetè Entènasyonal ak gouvènman meriken te mande pou yo aplike yo te gen konsekans tèt chaje sou pwodiksyon diri peyizan Ayisyen yo, sa te ekspoze yo ak konpetisyon delwayal diri sibvansyon ki ekspòte¹⁵ kay meriken.

Sepandan malgre pwoblèm ki genyen bò kot donatè yo ak nan nivo enstitisyon yo, nan lane 2009 te gen kèk siy amelyorasyon. Peyi-a te viv senkièm ane kwasans ekonomik li e kantite krim yo, tankou kidnaping¹⁶, te bese; sa ap lese nou konprann ke lè kondisyon yo bon, Ayiti ka fè pwogrè¹⁷.

Pwoblèm kap pèsiste

Yon repons dijans ki reyisi

Plis pase yon milya dola te bay sa ki te pèmèt yon repons rapid devan sitiyoasyon ijans tranbleman tè-a atravè èd bilateral, moun ki bay kòb pa yo, avèk sak soti nan asistans enstitisyon¹⁸ finansyè entènasyonal yo. Jenerozite san parèy sa-a te sove e kontinye ap sove anpil vi jiska prezan. Gras a repons imanité sa-a, plis pase 3.5 milyon Ayisyen resevwa èd alimantè, 700.000 jwenn travay nan pwogram cash-for-work, yon demi milyon moun ki pa gen kay resevwa pwela e 1.2 milyon moun kontinye ap resevwa pou pi piti 5 lit dlo trete chak jou.¹⁹

Te gen kèk difikilte pou ajans imanité te rive adapte yo nan kontèks katastròf sa a ki pase andedan vil yo. Angajman avèk jan otorite lokal ak nasyonal te enplike nan sa ki tap fèt yo te trè limite, lidèchip Nasyonziini nan zafè imanité te parèt fèb kèkfwa, e te gen anpil mank nan jan yo te rasanble epi analize enfòmasyon²⁰ yo. Pwoblèm sa yo la toujou, e yap anpeche rekonstriksyon an fèt kom sa dwa.

Difikilte pou rekonstwi

Otorite peyi d' Ayiti yo, ki gen reskonsablite pou yo asire ke moun yo jwenn sekou ak rekonstwi peyi, pokò pran mezi pou sa rive fèt. Anmèntan tou, kominote entènasyonal la twò souvan aji yon fason ki kraze bòn gouvènans avèk lidèchip ki bay rezilta an Ayiti.

Pou kòmanse leve defi tranbleman tè-a kreye yo, gouvènman Ayisyen ta bezwen travay ansanm ak donatè yo ak ajans entènasyonal kap bay èd yo pou leve debri, repare kay ki fisire yo, epi kòmanse rekonstriksyon fizik batiman yo. Yo ta sipoze kòmanse bay aksè san pèdi tan ak sèvis de baz yo, redwi chomaj, e resoud pwoblèm ki gen pou wè ak lojman ak papyè tè kap trennen depi twò lontan.

Alòske Ayisyen yo pral komemore premyè anivèsè tranbleman-an, gen preske yon milyon moun kap viv lwen kòm deplase²¹. Mwen pase 5 pousan debri yo ranmase, sèlman 15 pousan nanabri pwoviswa ki nesèsè yo bati deja, e se sèlman kèk grenn enfrakstrikti pou dlo ak llyèn ki konstwi²².

Bwat 1: 5 leson kle pou leve kanpe aprè yon katastròf

- 1. Kreye aktivite ki bay travay yon priyote nimewo en.** Redemaraj ekonomi-an sipoze yon priyote an lagan. An jeneral, donatè pa bay aktivite ki pèmèt moun travay yo menm enpòtans popilasyon lokal yo, e sa se yon sitiyoasyon ki mande korije.
- 2. Sekou ak rekonstriksyon sipoze fèt an mèm tan.** Alòske asistans dijans kab sove vi, èfò ki ale pi lwen nesèsè pou leve kanpe aprè yon katastròf. Èd ak asistans pou leve kanpe sipoze fèt ansanm. Ajans kap bay èd yo ak donatè yo sipoze sipòte tou lè de nan premyè faz yon katastròf.
- 3. Patisipasyon popilasyon ki afekte yo nan sa ki gen pou wè ak sekou ak leve kanpe pa sipoze yon semp bagay pou fè wè –se yon bagay ki prouve ke se meyè repons ki ka bay nan ka sa yo.** Otorite lokal ak nasyonal yo sipoze pran devan nan pwosesis la e fè li tounen zafè pa yo.

4. Rediksyon risk katastròf yo pote sipoze fè pati de yon repons ki efektif. Se yon bagay yo te konn neglije lontan. Nan yon tranblemantè, analiz sismik enpòtan pou “rebati pi byen”. Konesans lokal sou jan yo bati kay ak materyo yo itilize trè zenpòtan.

5. Deblèyaj sipoze yon priyorite. Eksperyans lòt tranbleman(e.g. nan Kobe, nan peyi Japon an 1995, avèk Bam, nan peyi Iran en 2003) montre enpòtans deblèman pou rekonstriksyon kapab demare.

Alòske plizyè pwoblèm ke Ayiti ap konfwonte nan zafè rekonstriksyon se de bagay ki espesifik ak peyi-a, li klè nan repons ki soti nan lòt gwo kastastròf natirèl ki pase lòt kote sou latè ke repare dega ap pran anpil ane. Preske yon lane aprè tranbleman ki te frape Pakistan an 2005 lan , pa egzamp, se sèlman 17 pousan moun ki te afekte yo ki te kòmanse rekonstwi kay yo, alòske gouvènman meriken te pran plizyè lane pou rebati Nouvèl Oleyan apre ouragan Katrina.

Finansman rekonstriksyon-an

An mas 2010 yon konferans entènasyonal donatè te fèt nan New York pou te diskite zafè rekonstriksyon nan peyi d’Ayiti, lè sa-a yo te promèt \$ 2,1 milya dola pou 2010²³. Se yon bagay ki vital pou rekonstriksyon-an; sependan, jiska prezan, selon biwo anwaye²⁴ espesyal Nasyonzini nan peyi d’Ayiti, se sèlman 42.3 pousan nan fon sa, ke 30 pousan pi gwo donatè yo te pwomèt pou 2010, ki debouse. Reprezantan lòt donatè ke Oxfam te rive rankontre di ke chif sayo ke anwaye espesyal la pibliye nan Nasyonzini, genlè pa ta kòrèk oubyen “pa sèvi a ayen” paske donatè yo pat fè pwomès “pou 2010” men pito pou remete peyi a sou pye diran ane²⁵ kap vini yo. Kontradiksyon ki genyen sou chif ki pibliye pa kèk donatè ak nasyonzini fè parèt kèk pwoblèm grav nan sak ki gen pou wè ak kowòdinasyon ak transparans ki egziste ant kèk donatè ak biwo Nasyonzini. San bon jan enfòmasyon sou distribisyon èd yo, objektif yo ak ki lè yo bay lajan an Ap rann bagay yo pi difisil pou gouvènman peyi d’Ayiti-a planifye e pran desizyon ki gen rapò ak rekonstriksyon, oubyen pou donatè kouwòdone politik yo.

De tout manyè lajan pou kont li pa ka rezoud pwoblèm peyi d’Ayiti.

Leta Ayisyen: Fèb kapasite pou pran desizyon, koripsyon, fèb mwayen, ak mank resous

Bò kote payo, otorite peyi d’Ayiti ap mache trè lantman pou li reponn ak pwoblèm vital yo. Yo pa ko rezoud konplikasyon legal ki gen pou wè ak reparasyon kay yo ou byen retire ranblè²⁶ yo nan lari, e yo pa fè anyen pou ede moun ki nan kan yo tounen nan kominote kote yo tap viv ou byen jwenn yon pi bon kote pou rete.

Lè ou sonje long istwa fèblès enstitisyonel peyi d’Ayiti, se pa yon bagay ki etonan ditou. Leta Ayisyen wonje pa yon seri de pati politik divise, ki byen souvan vyolan e konwonpi, alòske plizyè enstitisyon leta tradisyonèlman toujou sou kontrol yon seri de elit pwisan. Yon ofisièl kap travay pou yon donatè dekri sitiyasyon an konsa, “gouvènman an pran nan mitan bezwen ak dezi popilasyon pou li satisfè yon kote epi yon lòt kote interè gwo “fanmi yo.”²⁷ Eleksiyon ki fenk sot fèt yo avèk

fwod yo di ki ta genyen se yon bel ekzanp de pwoblèm²⁸ sa yo.

Tranbleman tè a fè feblès enstitisyon yo parèt pi klè toujou. Plis pase 20 pousan fonksyonè piblik mouri e pi fò ministè ak batiman piblik, pami yo lèkòl palè nasiyonal, paleman, palè de jistis, andomaje oubyen detwi. Jiska prezan, anpil otorite ap itilize yon seri de ti espas pou yo fè travay yo, pa ekzanp, biwo ak sal reyinyon ki pa apwopriye, san preske okenn ekipman kominikasyon, òdinatè oubyen machin. Sa yo se pwoblèm donatè kapab ede rezoud rapidman.

Nan yon sondaj ki te fèt nan yon kominote sou 1.700 moun en mas 2010, patisipan yo te di Oxfam ke gouvènman an ansanm ak kominote entènasyonal la sipoze bay priyorite ak kreasyon djòb, edikasyon, epi lojman.²⁹

Yon fanm 38 lane kap viv nan yon tant plastik nan teren Golf Petion-ville, te di klèman sa li bezwen nan men otorite yo "gouvènman sipoze banou yon bon kote pou nou viv paske lè la pli tombe se yon katastròf". Menm fanm sa-a te pale de enpòtans edikasyon: "lè ou pa konn li se yon sitiyasyon ki difisil. Ou pa ka fè anyen pou kont ou – menm siyen yon papyè."

Sepandan avèk bon sipò kominote entènasyonal la, gen mezi gouvènman peyi d' Ayiti ka pran. Lè ou konsidere bezwen imedia yo, gouvènman an sipoze devlope pwogram pwoteksyon sosyal kap disponib pou moun kap viv lavil ou an pwovens, tankou transfè lajan oubyen mikro kredi pou sa ki pi pòv yo. Li sipoze investi tou, nan sèvis santé de baz ak edikasyon, epi devlope pwogram pou ba moun travay ak renfòse kompetans nan pwojè kap ede peyi rekonstwi.

An Ayiti, pouvwa ak desizyon kap pran, ansann ak lajan, ak djòb, rete konsantre nan Pòtòprens. Yon moun kap fè analiz politik te fè remake ke andedan gouvènman-an desizyon yo tèlman santralise ke minis konn menm pran desizyon pou chofè ak lesivye yo³⁰. Jan sitiyasyon sa-a ye la-a, majistra ak konseye yo, ki kapab rebati kominote yap viv yo, pa jwenn mwayen yo bezwen pou yo ta fè sa.

Alòske gouvènman an te pran mezi pozitif pou li te kòmanse desantralizasyon politik, demographik ak ekonomik peyi d' Ayiti a, plis sipoze fèt toujou pou ka bay garanti ke pwosesis la efektiv e transparan. Sa ta mande amelyore mwayen kontwòl ak rankont a popilasyon an, mete an plas yon sistèm pou monte bon bidjè epi pou rapòte depans yo, e ranfòse sikilasyon èd yo nan nivo lokal yo. Sa ap ede wè pi klè nan jan resous yo bay e koman yo depanse.

Pou gouvènans lan amelyore, gouvènman Ayisyen-an sipoze mete bon jan mezi an plas pou konbat koripsyon e rann dirijan yo pi reskonsab. Yo ta sipoze bay moun plis chans pou yo bay dizon yo nan desizyon kap pran e kap afekte vi yo dirèkteman. Gouvènman peyi d' Ayiti ta sipoze fè plis pou li chita pale, kominike, e enplike sitwayen yo nan rekonstriksiyon peyi-a. Sa dwe fèt pendan ke yo asire yo ke fanm yo patisipe nan tout desizyon kap pran nan tout nivo.

Ministè kap byen mache

Amelyore pèfòmans leta-a pa sèlman enpòtan, men li endispensab tou. Direksyon Nasiyonal Dlo Potab ak Asenisman peyi D' ayiti gen yon bon jan lidèchip ki kap mache a la tèt li, yon nivo endependans pa rapò ak gwo enterè yo ke ou pa wè nan lòt ministè yo. Sa-a se an pati gras a gwo nivo asistans finansiyè ak teknik ke DINEPA resevwa bò kote kèk donatè ak ajans èd entènasyonal³¹. Oxfam pa ekzamp gen yon

kolaborasyon kap trè byen fonksyone ak DINEPA nan sa ki gen pou wè ak sistèm dlo ak ijyèn, pandan ke an menm tan nap ede ogmante kapasite DINEPA pou li bay pi bon sèvis³².

Kèk seksyon nan ministè lasante ak agrikilti te resevwa anpil louanj nan men yon seri de ONG entènasyonal ak ajans Nasyonzini ke Oxfam³³ te rankontre. Kowòdinasyon Nasyonal Sekirite Alimantè; (CNSA), ki sou lobedyans Ministè Agrikilti, ap fè yon bon travay evaliyasyon ak kontwòl mache yo ak pri manje yo, de mèm ke enpak yo genyen sou sekirite alimantè depi tranblemantè a³⁴. Menm jan-an tou, (Inite Kominal Sante, IKS), ki fè pati Ministè Sante, ap travay trè byen ak Oxfam nan Latibonit pou fè fas ak epedemi kolera³⁵.

Bwat 2: Travay Oxfam ak Direksyon Nasyonal Pwoteksyon Sivil (DNPC)

Kom manb Plan Repons Nasyonal Direksyon Nasyonal Gesyon Risk ak Dezas (PRDNGRD)³⁶, Oxfam ak lòt ONG entènasyonal yo travay avèk direksyon Nasyonal Pwoteksyon Sivil (DNPC), yon rezo lokal preparasyon ak repons ki chita nan Ministè Enteryè. Oxfam ap bay DNPC fòmasyon ak sipò finansyè depi plizyè lane. Donatè yo ak ajans kap bay èd yo, pami yo Oxfam kapab fè plis toujou pou yo ogmante kapasite DNPC pou li reponn pi byen ak katastròf yo a lavni.

Kèk magistra nan zòn rural yo ap travay san pran souf pou kominote yap dirije yo. Ansanm ak Direksyon Pwoteksyon Sivil (DNPC), yo bay moun yo asistans apre tranbleman, pa ekzamp nan jwenn kote ki gen plis sekirite pou deplase yo rete avèk pran non sa ki nan bezwen yo.

Donatè: kontounen gouvènman ak pèp Ayisiyen-an

Depi kèk lane, pifò donatè pa fè anyen pou yo ede rezoud mank mwayen leta-a nan peyi d'Ayiti. An giz de sa, sèten donatè ak gouvènman etranje pi souvan reponn yon jan ki fè gouvènman vinn pi fèb e yo pa konsilte pèp Ayisiyen-an. Depi nan ane 1980 yo, kominote donatè prefere pase pa Nasyonzini ak ONG entènasyonal pou yo ba Ayiti asistans dirèk, yon fason pou yo ta evite yon seri de enstitisyon leta ki ta koronpi e ki ap mal mache. Men sitiwayon sila-a frajilize leta-a e anpeche li rampli fonksyon li jan li ta dwe fè'l. Pou repete paròl yon lidè sindika Ayisyen: "[Kominote entènasyonal la] mande pouki sa gouvènman fèb, men yo pa janm mande sa yo ka fè pou yo rann li pi fò—ou byen eske se pa yo ki afebli'l." ³⁸

Plan dakasyon Nasyonal pou Rekonstriksyon ak Devlopman (PARDN)³⁹ ak Komisyon Intèrimè pou Rebati Ayiti bay anpil pwoblèm nan sans sa-a. Plan dakasyon⁴⁰ an te devlope en mès 2010. Pandan te gen kèk konsiltasyon ki te fèt nan reinyon prepawatwa yo, ki te enkli yon konferans ki te fèt pandan de jou nan Sendomeng, ki se yon vil nan Repiblik Dominiken, konseye ekstèn te fè pi fò travay preliminè yo. An prive, ofisyèl kap travay pou yon donatè admèt ke desizyon yo se an wo yo pran, pa gen konsiltasyon, e gouvènman ak pèp Ayisiyen-an pa mèt pwosesis la. ⁴¹ Selon yon pwofesè nan yon inivèsite an Ayiti "PARDN-a pa enplike sitwayen peyi d'Ayiti e li pa gen konsantman nou". Nan yon sondaj, sèlman 17.5 pousan moun ki te patisipe yo di

"Li parèt tantan pou nou ta reprann ansyen abitud yo – travay o zalentou gouvènman olye nou travay avèk li kòm patnè, ou byen finanse yon bann pwojè ki chaje bònn entansiyon, men ki pa gen anyen pou wè youn ak lòt oliye nou fè investisman ki pi enpòtan, a lontèm ke Ayiti bezwen kouniye la-a. Nou pa retounen pran yon seri de estrateji ki pat mache" ³⁷.

Sekretè deta, Hilary Clinton, Mès 2010

ke yo sipòte Plan daksiyon an, paske yo pa kwè le reflete sa ki bon pou yo⁴².

Anba presyon kominote entènasyonal la, an patikilye gouvènman meriken, CIRH la te fonde 15 avril 2010⁴³. Objektif kite bay pou sa se amelyore konsiltasyon, planifikasyon, ak pran desizyon, e fè gouvènman-an ak donatè yo deside ansanm yon fason pou yo ka mete plan daksiyon-an sou pye. Dan la Pratik, se nan apwouve pwopozisyon pwojè komisyon an fè pale de li⁴⁴. Younn nan pi gwo objektif yo bali se rannfòse kapasite teknik ministè yo⁴⁵. Sepandan, selon younn nan premiye konseye Presidan komisyon, kreyasyon CIRH an limèn “de fakto” fè ekzakteman lekonntrè⁴⁶.

Pa ekzamp, pendan ke CIRH tap devlope yon seri de plan detaye pou konstriksiyon kay nan Kad pwojè retounen nan katye-ou ak Rekonstriksiyon Kay⁴⁷, represantan ministè gouvènman ki pi konsène a (tankou Ministè Afè Sosyal) pat enplike nan ekri dokiman sa-a, sa ki fè poze anpil kesyon sou reskonsablite gouvènman an nan estrateji sila-a⁴⁸.

Alòske gouvènman an reskonsab pou li revize ak apwouve pwojè yo nan tèt kole ak donatè yo, li manke pèsone ak kapasite teknik pou li rampli wol sa-a efektivman. ⁴⁹ Komisyon-an souvan rann bagay yo pi difisil lè li plede voye yon pakèt bann pwopozisyon pwojè nan yon tan ki twò kout, avèk pi fò dokiman ki ekri an anglè⁵⁰.

Mete sou sa, CIRH rate objektif li, lè n konsidere ke jiska prezan donate yo paka kouwòdone sa yap fè. An Ayiti gen yon dividal aktè entènasyonal. Bon jan kowòdinasyon te sipoze youn nan premye bagay ki te fèt. Oliye de sa yon moun kap fè analiz politik nan peyi d’Ayiti note ke CIRH gen yon fleyo ‘rapò youn ak lòt kap trenen ‘ki tonbe souli, sa ki kreye konfizyon ak repetisyon nan pwojè donatè yo.

Represantan yon donatè di Oxfam: “Komisyon an pap fè travay li. Kòman gouvènman [Ayisyen] ap fè, lè ou mete devan’l 100 pwojè depaman ke donatè voye bali?” ⁵¹

An plis de travay ak gouvènman-an, CIRH la sipoze al pi lwen, pou li byen konsilte ak kominike sou wòl li, priyote li genyen, ak desizyon lap pran ak pèp Ayisyen an. Pou kounya gen sèlman de manb,ki pa gen dwa vòt, ki reprezante òganizasyon⁵² sosyete sivil Ayisyen-an ki gen dwa patisipe nan reyinyon Komisyon-an, e lefèt ke dokiman pa disponib an kreyòl pa kontribye nan mete konfyans ant Komisyon-an ak pèp la. Mete sou sa, Komisyon an pokò janm rekrute yon ofisyè lyezon ki pou travay ak ONG yo, ki ap asirel de kolaborasyon CIRH la avèk ONG yo. ⁵³

Wòl ONG yo ak Nasyonzini

ONG nasyonal ak entènasyonal yo gen yon istwa ki long e konplike nan peyi d’Ayiti. Nan tan lontan yo te rekonsab jere sèvis edikasyon, sante, ak byenèt sosyal nan peyi-a, anpil ladan yo konya ap ede reponn ak bezwen sekou ak rekonstriksiyon an. Ajans sa yo ta sipoze rann plis kont de sa yap fè epi fè plis jefò pou yo bati kapasite leta ak pèp Ayisyen-an, ou fason pou yo ka jwe yon pi gwo wòl nan bay sèvis de baz yo.

Plizyè miliye moun ki vilnerab ap resevwa sèvis sante, edikasyon ak

dlo gratis. Pendan ke sa ap sove anpil vi, li genyen anpil move konsekans sou ti antrepriz prive ak sou moun ki bay anpil nan sèvis sa yo. Yon pakèt klinik, lekòl, ak ti antrepriz gen tan fèmen. ONG entènasyonal yo ak Nasyonzini ta sipoze fè plis poufè moun kap bay sèvis sa yo antre nan pwosesis rekonstriksiyon-an.

Depi tranbleman-an, Koòdinasyon ak sipò pèp Ayisyen an resevwa yo te souvan fèb. Pwogram Nasyonzini pou Devlopman (PNUD) te eseye bay rekonsablite gwoup konsètasyon ONG yo ki tap travay pou remete peyi-a kampe nan premye faz katastròf la-- Early Recovery cluster – estrikti kowòdinasyon ki gen responsablite ede moun yo retounen nan kominote kote yo tap viv la, oubyen relokalisasyon yo, ak bay sèvis de baz ak aktivite pou moun viv – bay gouvènman Ayisyen an me 2010. Sepandan PNUD te sipoze fè plis pou li te asire'l ke reprezantan gouvènman-an, ta dwe gen mayèt ak plis kapasite, epitou ekipman ak bon talan moderatè pou li fè travay la. Konsekans desizyon sila-a, se ke mekanis kowòdinasyon an ki vital pat menm tann de mwa pou l fè fayit. Paske lidèchip ke cluster yo te asire-a nan reinyon Novanm lan se UNDP ki vinn pran lidèchip sa-a⁵⁴.

Gen de fwa, Ajans Nasyonzini yo, ak sèten ONG repete sa gouvènman an ap fè ou byen ignore ògan gouvènman-an ki la pou sa yo⁵⁵. Pa ekzamp, Biwo Nasyonzini kap kowòdone Afè Himanite (OCHA) pa travay nan tèt kole avèk DNPC, ki se ajans gouvènman ki reskonsab pou li jere risk ak dezast⁵⁶. OCHA, nan kad yon tanpèt tropikal en sektanm 2010, monte yon sant en paralèl ak pa DNPC pou li te prepare arive ouragan Tomas sou Aiyiti.⁵⁷

Menm jan-an, alòske mete sou pye renkont kowòdinasyon teknik ke Nasyonzini te dirije yo aprè tranbleman-an te rann pi fasil patajaj enfòmasyon ak kowòdinasyon ant diferan ajans kap bay èd yo, kounya clusters yo sipoze travay pi sere avèk estrikti kowòdinasyon pa gouvènman yo pou ka asire ke yo patisipe nan desizyon kap pran yo ak jefò kap fè pou remete peyi-a kanpe⁵⁸.

Oxfam te chita pale ak ou seri de otorite lokal ak nasyonal, ki di yo santi yo mete yo deyò nan desizyon imanite kap pran yo, ak nan pwosesis kowòdinasyon-an. Nan kèk ka, otorite lokal yo santi donatè yo ak ajans kap bay èd yo frajlize yo, yo pa konsilte yo jan yo ta dwe fèl avan yo mete pwojè èd yo kanpe⁵⁹. Yo panse gen plizyè miliye ONG kap opere an Aiyiti, mem se sèlman kèk grenn, ki anrejistre fòmèlman, alòske ke sèlman 150 voye rapò regilyèman bay ministè planifikasyon⁶⁰. Sa-a se an pati fòt pwosesis enskripsyon ki pran anpil ane pou li fini.

4

Yon chans pou yon lòt Ayiti: solisyon lojman dirab, dlo, asenisman ak mwayen pou moun viv

Seksyon sa-a chèche wè ki etap ki ta sipoze swiv pou demare aktivite kap mete peyi sou ray nan de sektè kle kote Oxfam travay: lojman, dlo, asenisman, ak aktivite ki bay moun travay.

a) Lojman, retounen lakay, relokalizasyon

Tranbleman te koze gwo domaj nan sektè lojman; 105.000 kay kraze e 208.000 andomaje – sa ki kreye 20 milyon mèt kib ranblè. Kantite ranblè sa-a kapab rampli ase kamyon kap woule defans kole ak defans nan yon longè ki fè plis ke demi tou late. Plis ke 1.3 milyon moun te blije chècheabri pwovizwa nan 1.300 kan⁶¹, alòske plis ke 500.000 lèzot te cheche kote pou yo rete kay fanmi yo ou byen zanmi yo en provens⁶².

Difikilte pou yon moun tounen lakay yo ak ede yo kite kan yo

Pa gen anpil kay kraze ki repara e se sèlman 15 pousan nan nouvoabri pwovizwa de baz yo ki bati⁶³. An konsekans, plis pase yon milyon moun pokò janm ka kite kan yo pou retounen viv yon kote ki pi pèmanan⁶⁴. Sityasyon-an konsa an grann pati paske san djòb moun yo pa gen mwayen pou yo retounen nan lwaye, repara ou byen konstwi nouvo kay.

“Nou gen plis ke nèf mwa anba tant, depi tranbleman se la nou ye”. Yo lagenn pou kont nou. Gouvènman-an bliye nou” se konsa yon moun ki rete nan kan koray, nan soti vil Pòtòprens te pale⁶⁵. Yon fanm ki gen yon tranntèn lane, kap viv nan yon kan ak senk pitit li, te di ki bezwen ki pi ijan pou li nan moman-an: “Ban nou yon ti lajan pou nou ka kòmanse yon komès, kite kan-an epi jwenn yon lòt kote pou nou rete.”

Selon UN Habitat:” Pi fò donatè pa bay pwogram kap pèmèt moun yo jwenn mwayen pou yo viv, debleyaj ak reparasyon kay ki kanpe yo, priyorite” Anvan tranbleman, 60 pousan moun kap viv nan kan yo te swa nan lwaye ou byen te lwe tè kote yo rete-a⁶⁶. Rantre lajan ki vinn bese ak pri yo ki monte aprè katastròf la, lakoz anpil nan moun sa yo pa gen mwayen peye lwaye ankò. Nan menm tan sa-a, kan yo kontinye ofri dlo, asenisman, swen sante ak lòt sèvis, ki nan pi fò ka, pat disponib kote yo te rete anvan yo, espesyalman nan provens yo. Majorite moun ki rete nan kan yo kapab retounen lakay si gen investiman ki fèt nan kominote yo ak si yo kreye ase djòb ki ka ede yo peye lwaye.

Rès 40 pousan popilasyon kap viv nan kan yo gen pwòp kay yo oubyen tè yo depi avan tranbleman, men anpil nan kay sa yo kraze. Non sèlman gen yon mank de mwayen ak konpetans pou byen rebati kay yo, mentou se sèlman senk pousan rannblè yo ki leve⁶⁷, sa ki redwi espas ki disponib pou rekonstriksyon yo. Alòske donate yo bay anpil lajan pou batiabri de baz yo⁶⁸, preske pa gen anyen ki bay pou yon bon jan travay debleyaj fèt⁶⁹, sa ki vle di yon apwòch sistematik e mekanize

pokò janm fèt nan pifò kote nan Pòtoprens⁷⁰. Gouvènman peyi d’Ayiti, atravè CNE⁷¹ ka sipote pwosesis sa-a, nan idantifye sit pou yo jete debri sa-a yo ak nan travay ak donatè yo pou wè ki bò pou fè deblèman vinn yon priyorite nan zòn enfòmèl yo.

Pa gen ase lajan pou repara kay ki pa kraze yo. UN Habitat estime ke 10 mwa aprè tranbleman an, se mwens pase 10 milyon dola ki bay pou reparasyon kay yo, a kòz ke Nasyonzini ak ONG yo manke konesans teknik pou yo fè travay sa yo. Sepandan si yo priyore reparasyon kay yo sa tap pèmèt plizyè milye moun retounen lakay yo kèk mwa aprè katastròf la⁷².

Rapouswiv pwogram retounen lakay ak relokizasyon yo

Kèk ONG ak entrepriz prive pa vle rantre nan zafè kraze ou swa repara kay, ou byen kòmanse batiabri de baz yo, tou otan yo pa wè prèv ke tè a se pou moun yo tout bon vre. Men plizyè ajans montre ke koze papye tè-a pa ta sipoze yo anpeche travay rekonstriksyon yo kòmanse.

Cooperative Housing International Foundation (CHF), yon ajans èd entènasyonal, devlope yon kolaborasyon ki byen mache avèk meri yo, òganizasyon lokal yon nan Pòtoprens, Leyogann, Tigwav, ak Gresye pou verifye papye tè ak tit pwopriyete kay yo anvan tranbleman-an e pou li te jwenn akò pou li demoli kay ki pi kraze yo. Memmlè se pa toujou yon obligasyon la lwa fè, otorite yo ak lidè lokal yo rekonèt akò sa yo. Akòz de sa, anviron 4000abri gentan bati. Menm apròch la ansanm ak zouti ak fòmasyon ke ONG yo bay, pèmèt ke moun kòmanse rebati kay yo ou byen bati yon ti kote pou yo rete.

Bwat 3: Travay deyò kan pou evite deplasman

Nan yon vilaj prè Gresye— ki sitiye a anviron 2 kilomèt de yon kan kote Oxfam bay dlo, latrinn, ak douch—plizyè fanmi rive retounen nan kominote kote yo soti yo, ak sou bout tè pa yo. Oxfam sipote moun sa yo nan kominote kote y ap viv yo, li ede yo rete lakay yo, oubyen pa trò lwen olye yo ale viv nan kan.

Inyon Ewopeyèn⁷³ ap finance UN Habitat ak Fondasyon Achitèk Ijans pou li ka sipote deplase kite rete Kafou-Fèy anvan tranbleman retounen nan zòn nan. An kolaborasyon avèk Oxfam ak ONG Ayisyen patnè nou yo, pwojè konstwi kapasite nan fòmasyon li bay otorite lokal ak reprezantan kominote yo, ki pèmèt redwi risk ki gen zòn kote yo rete yo, monte yon plan debleyaj, kreye lòt aktivite ki bay travay ak fè deklarasyon pou regle yon seri de pwoblèm papye tè ki la depi anvan tranbleman an. Sa yo ak lòt pwojè kap konstwi kapasite sipoze etann pou nou ka sèten ke Ayisyen vinn gen konesans nesèsè pou yo amelyore jan yo bati vil yo, ak jan yo konstwi.

Si pou moun yo kite kan kote yap viv yo, donatè ak ajans kap bay èd yo, pa ta sipoze se lè yo ta finn rezoud pwoblèm konplèks papye tè yo pou yo ta va konmanse rebati ak repara kay yo. An giz de sa, sak ta nesèsè se lòt apwòch ki pi fleksib jan nou eksplike piwo nan dokiman-an. Donatè ak ajans kap bay èd yo ta sipoze konsantre efò yo pou asire

yo ke plis nan moun kominote yo patisipe nan ede verifye ki bò moun yo tap viv anvan tranbleman an e ede yo amelyore kay sa yo pou yo vinn pi rezistan ke jan yo te ye avan tranbleman-an nan ba yo bonjan fòmasyon ak zouti. Moun yo menm ki te rete nan zòn malè pandye anvan tranbleman-an, tankou nan pant mòn ak nan ravinn, gouvènman an, ak sipò donatè yo, sipoze jwenn lòt sit ki san danje epi kote moun ak mennen aktivite ekonomik yo.⁷⁴

b) Dlo, asenisman, ak pwomosyon ijyèn (WASH)

Sektè dlo ak asenisman soufri depi plizyè dizèn lane movèz jesyon, movèz ekspètiz teknik, ak mank resous. Malgre yon seri de amelyorasyon ki fèt pa twò lontan, espesyalman kreyasyon DINEPA an 2009, se sèlman anviron 30 pousan Pòtoprens ki gen aksè ak rezo dlo minisipal la, e se sèlman 50 pousan vil la ki gen twalèt. Se sèlman nan 52 pousan espas metwopolitèn Pòtoprens lan ke yo ranmase fatra⁷⁵. Rezo dlo ki finn kraze ak ti kras zòn ki jwenn sèvis dlo ak asenisman se youn nan rezon ki fè epedemi kolera-a, ki kòmanse an oktòb 2010, vale tout teren sa-a.

Aprè tranbleman-an plis pase yon milyon moun, menm sa ki pat rete nan kan, te gen aksè ak dlo ak latrin gras ak travay DINEPA ak ajans kap bay èd yo⁷⁶. Sepandan, pi fò dlo sa yo se kamyon ki pote yo, sa ki rann pri yo trè chè.⁷⁷

Difikilte ki genyen pou bati enfrakstrikti Dirab

Pi gwo kontrent ki genyen pou bati enfrakstrikti dlo ak asenisman se absans solisyon pou fè moun ki nan kan yo retounen lakay oubyen al viv lòt kote, jan nou eksplike'l piwo nan dokiman sa a. Menm jan ak zafè lojman-an, mèt teren kote yo fè kan yo pa dakò ajans kap bay èd yo bati enfrakstrikti pou dlo ak asenisman ki pi dirab, paske yo krenn ke moun yo ka tou rete sou tè yo nè. Nan yon kan, pwopriyetè-a pat vle ba Oxfam pèmisyon konstwi twalèt si yo pat bali garanti ke moun yo ap kite teren-a an desanm 2011. Yon garanti ke Oxfam pa genyen pies kompetans pou bay.

Anou gade devan

Nan kèk ka, Oxfam travay nan tèt kole avèk otorite lokal yo pou rezoud yon seri de konfli tè. Nan kan Marassa, Nou travay avèk majistra zòn nan pou nou te negosye itilizasyon yon seri de teren epi pou nou te rive konstwi enfrakstrikti pou dlo ak asenisman ki pi solid⁷⁸. Menm jan-an tou, nan kan Koray, Oxfam te travay avèk otorite lokal ak nasyonl yo, pami yo majistra-a, DINEPA ak ministè enteryè pou nou ka jwenn pèmisyon pou nou etann rezo dlo-a. Lè rezo a finn bati, se DINEPA, ki resevwa fòmasyon teknik ak sipò finansyè nan men Oxfam ki pral jere li.

Pou nou evite yon lòt gwo kriz sante piblik tankou epedemi kolera, gouvènman peyi d' Ayiti, ak sipò patnè kominote entènasyonal yo, sipoze fè ogmante investiman yo, nan enfrakstrikti dlo ak asenisman de baz ki pa koute chè e ki san danje, jefò sa-a sipoze fèt nan pwovens yo tou. Asistans teknik alontèm ki totalize \$100.000 ke gouvènman peyi

Bwat 4: Repons Oxfam bay maladi kolera nan latibonit

Majistra-a ak branch ministè sante piblik nan depatman sa a, Inite kominal Sante (IKS) ap travay pou kwape maladi kolera nan latibonit depi premye evalyasyon te fèt nan mwa doktòb. Oxfam ap finanse depi lè sa-a lajan pou yo peye 45 moun ki nan staff la ak pou yo bay 45 lòt, ki te deja ap travay pou IKS, fòmasyon. Oxfam voye yon espesialis nan zafè pwomosyon ijyèn pou ede otorite lokal yo pwodwi ak distribye bon jan enfòmasyon sou kolera bay popilasyon-an. Objektif pwojè sa yo se frènen kolera, pendan nap bati kapasite otorite lokal yo ak estrikti sante pou yo sa jwe yon pi gwo wòl nan prevansyon maladi a.

c) Aktivite ki ede moun viv ak travay

Tranbleman tè-a kite plis pase yon milyon moun nan bezwen ijan pou yo jwenn manje ak dlo. Li te kraze tou plizyè milye biznis epi li redwi pwodiksyon agrikol la anpil. Sa bay pou rezilta, anpil moun ki vinn pèdi djòb yo ak sa yo te kòn fè pou yo viv. Kou total tranbleman an, lè w mete moun ki pèdi revni yo ladàn, evalye a plis ke 3 milyon dola⁷⁹.

Siksè nan rezoud pwoblèm manje

Nan jou swiv aprè tranbleman-an, ajans kap bay èd yo te rive bay plis pase 3.5 milyon Ayisyen kòb ak manje, alòs ke plizyè milye lezòt jwenn travay nan pwogràm “cash-for-work”. Sependan depi kòmansman faz repons dijans lan, ajans kap bay èd yo ap eseye sòti nan chema cash-for-work la, pou yo pase sòti nan pwogràm ijans yo, pou yo antre nan lòt aktivite ki pi dirab. Se vre cash-for-work fè plizyè milye moun fè lajan ki ede yo regle zafè yo, epi pèmèt lajan brase nan ekonomi yan, men chema sa-a paka bay garanti travay alontèn Ayisyen yo bezwen-an.

An nou gade devan

Rekonstriksyon kap fèt apre tranbleman tè-a sipoze bay pwogram kap kreye aktivite ekonomik dirab ak ede jwèn mwayen pou yo viv priyorite. Byen ke kèk ajans kap bay èd ap fè kou yo kònen pou devlope pwogràm kap bay travay, souvan yon jan ki montre anpil imajinasyon ak kreyativite men mouvman sa yo ka ale pi lwen toujou. Ajans kap bay èd yo sipoze vinn yon patnè aktif gouvènman epi travay avèk sektè prive-a pou yo kreye aktivite kap genere revni ki pi dirab. Donatè yo ka fasilite travay sila-a si yo pi fleksib nan finansman yap bay yo. Yòn nan dirijan yon ONG Oxfam te rankontre di konsa a kòz de restriksyon donatè yo mete, fòse òganizasyon li-an degize yon te pwogràm kap mache byen ak yon seri de lòt aktivite kap fè moun fè lajan kankou cash-for-work pou yo te kapab itilize fon sa yo pou aktivite sa yo.

Yon fanm yon sekantèn lane kap viv nan yon kan deplase di Oxfam: “Nou pavle depann de èd entènasyonal la tout tan. Nou vle ouvè bisnis pa nou⁸⁰.”

Bwat 5: Sipòte aktivite kap bay travay

Fonkoze se pi gwo enstitisyon mikro finans en Ayiti. Li travay sitou nan kominote riral yo, Fonkonze ede fanm ki pòv e ki pa konn li ak ekri monte ti biznis yo. Sou yon peryod de zan, medam yo resevwa yon salè pou yo peye lekòl timoun yo e pou yo fè ti aktivite pou yo viv. Yo bay yo bon jan fòmasyon pou yo jere biznis yo, tankou koman pou yo elve poul, ak jere ti lajan yo prete yo. Pwogram lan te gen yon to reyisit 95 pousan, sa ki pèmèt plizyè fanm soti nan povrete⁸¹. Oxfam ap travay ak Fonkoze pou li wè koman yo ka aplike modèl sa nan vil yo. Pwogram sa-a ak pa yon seri de lòt mikro-kredi, tankou sa ki fèt nan peyi Benngladèch ka sèvi yon modèl lè yap fè entèkansyon pou yo kreye aktivite ki kap bay travay an Ayiti.

Pou nou bati yon Ayiti ki pi prospè, li nesèsè pou gen kwasans ekonomik dirab ak plis investisman etranje ak nasyonal. Yo sipoze divèsifye ekonomi-an, anvironnman moun fè biznis sipoze amelyore sa ap rive fèt si yo fasilite demach ki genyen nan zafè kreyasyon biznis. Bagay sa yo ap gen yon pi gwo enpak pase ti pwojè pasipala epi ki trè limite ke ONG yo mete sou pye pou fè moun yo rantrè kòb, menm si pwojè sa yo konn gen gwo enpòtans nan zòn kote yap fèt yo.

Rekonstriksyon peyi d' Ayiti sipoze vize gwo investisman nan enfrakstrikti ak agrikilti⁸², ansanm ak pwogram pwoteksyon sosyal kap pwoteje revni moun yo⁸³. En plis de sa, pwogram kap bay travay yo sipoze fèt men nan men ak pwogram pwoteksyon sosyal kap garannti swen santé pou timoun ak edidasyon, yon fason pou fanm yo ka benefisye de djòb ki disponib yo.

Envesti nan travo piblik non sèlman gen enpak direk sou ekonomi-a ak benefis sosyal atravè wout, kouran, ak dlo li pèmèt moun genyen, men yo pèmèt jwenn plis posibilite pou yo travay e sipote founisè lokal yo. Nan kontèsk maladi kolera kap vale teren-an, investisman nan dlo ak asenisman ta sipoze vini yon priyorite; tandiske nouvo pwojè konstriksyon wout ak favorize desentralizasyon ekonomik ak demografik paske zòn riral ap vinn konekte ak lòt mache ki pi gwo, e sa ap ogmante investisman lokal yo. Depi gen posibilite, yo sipoze fè apèl ak entreprenè ak endistreyèl Ayisyen yo.

Tout gouvènman ki pase nan tèt peyi d' Ayiti yo ak donatè yo istorikman echouwe bay sektè agrikòl la sifizaman ankadreman. Majorite Ayisyen ap viv nan zòn riral e yo depann de aktivite agrikòl pou yo viv. Aksyon rapid sipoze entreprann pou yo bay moun sa yo sipò yo bezwen yo pou yo ka ogmante kantite manje yo pwodwi, fè revni vinn pou wo, ak redwi depandans peyi sou manje enpòte. Pa egzamp, bank agrikòl ak lòt sistèm kredi nesèsè pou pèmèt moun ki fè agrikilti pou yo siviv yo gen aksè ak lajan, semens, zouti, ak lòt teknoloji agrikòl de baz. Sistèm irigasyon, wout, ak sent pou transfòmasyon ak entrepozaj yo sipoze repara e amelyore.

Gouvènman peyi d' Ayiti devlope yon plan nasyonal agrikilti, ki koute 772 dola, ki wè lwen, li mete aksan sou ogmante pwodiksyon de manyè dirab, ouvè plis mache, ak amelyore aksè ak sèvis de baz yo nan zòn riral yo⁸⁴. Donatè yo sipoze kore gouvènman peyi-a pou li ka mete pwojè sa-a sou pye.

Konklizyon ak rekòmandasyon

Bon jan aktivite kak remete peyi-a kanpe ak rekonstriksyon pako kòmanse an Ayiti. Se yon gwo desepsyon pou anpil Ayisyen ki te espere gwo solidarite entènasyonal san parèy yo te wè apre tranbleman-an pa ta pral rete sèlman nan ede peyi-a releve kanpe, men tap yon okazyon pou peyi te finalman kòmanse kwape de pwoblèm manch long kankou povrete, enstabilite politik, ak enstitisyon ki fèb e koronpi yo.

Elit politik ak ekonomik peyi d' Ayiti pako pedi chans ki ka pan janm parèt ankò sa-a pou li fè fas ak bann pwoblèm ki anpeche peyi-a devlope yo. Sepandan pwosesis sila-a sipoze kòmanse san pedi tan. Nouvo gouvènman Ayisyen-an sipoze montre an tou premye lye bon jan lidèchip pou li demare pwosesis rekonstriksyon. Li sipoze travay ansanm ak donatè yo avèk ajans èd entènasyonal yo pou deblaye, amelyore aksè a sèvis de baz yo, rezoud pwoblèm chomaj la, rale investisman etranje, rezoud pwoblèm lojman ak tit propryete yo.

Kominote entènasyonal la sipoze kole zepòl li e sipòte efò sa yo nan travay pi sere avèk otorite peyi d' Ayiti yo e nan ede gouvènman amelelyore politik li yo, ak ede li pran responsablite deva sitwayen yo nan tout peyi-a. Sa ap pran anpil tan, avèk bon jan mwayen politik ak lajan avan yo rive fèt.

Rekòmandasyon

Nouvo gouvènman Ayisyen sipoze montre bon jan lidèchip politik ak mache prese nan rebati peyi, nan kòmanse pa:

- Devlope yon seri de pwogram travo piblik ki chita sou bay sèvis esansyèl ak enfrakstiksti kap kreye djòb ak konstwi kapasite;
- Pran devan nan sa ki a wè a deblaye, jete, oubyen retilize rannblè yo, ikonpri rezoud ki pwoblèm a vwa a ki yès ki mèt rannblè yo e nan idandifye sit kote yo ka jete debri yo san danje;
- Idantifye nouvo sit ki san danje e ki bay kondisyon pou aktivite ekonomik kontinye pou deplase ki pa gen lòt kote pou rete yo, ousinon sila yo ti tap viv nan de zòn danjere avan tranbleman-an;
- Devlope pwogramm pwoteksyon sosyal tankou pwogramm transfè lajan ak mikro kredi ki aksesib a moun kap viv en pwovens kou lavil;
- Mete sou pye Plan Nasyonal Investisman Agrikol la, ki mande yon investiman 772 milyon dola sou yon peryod sèt lane;
- Revise Plan Nasyonal Aksyon pou Devlopman ak Rekonstriksyon an, avèk sipò donatè e nan chita pale ak gouvènman Ayisyen an. Kalandriye ak bidjè ki byen detaye pou chak sektè ta sipoze devlope pou garanti plan ap reyalize;

- Akselere pwosesis desentralizasyon an, asire ke fon ak ekspètiz teknik pou bay sèvis de baz yo rive jwenn otorite lokal yo;
- Asire ke mwayen pou fè reskonsab yo fè devwa kom sa dwa ak enstriman bou konbat koripsyon yo renfòse;

Gouvènman peyi donatè ta sipoze:

- Travay nan plis tèt kole yon fason ki bay plis rezilta avèk otorite peyi d’Ayiti yo, renfòse patisipasyon gouvènman Ayisyen nan pwosesis remete peyi sou ray la, ak amelyore pèfòmans ministè yo, olye de rann yo pi fèb;
- Donatè yo ta sipoze bay fon yo te promèt nan konferans ti fèt New York en mas 2010 la, epi rann pwomès ak debouseman lajan yo pi transparan. Donatè yo sipoze koopere plis toujou entre yo epi amonize politik ak pwiyorite yo genyen yo;
- Gwo aktè, pami lèkèl ansyen prezidan Ameriken Bill Clinton, ta sipoze fè yon pase men nan jan CIRH la ap mache-a, epi leve pye li pou li kòmanse delivre manda ke yo bali a;
- A travè CIRH la, donatè ta sipoze travay ak gouvènman pou konsantre yo sou yon de diskisyon stratejik sou sa ki gen pou wè ak defi ki gen zafè rekonstriksyon an, epi pan tante jere èd entènasyonal yo sou kote (e.g. deklare tout pwojè ki vo plis ke \$10.000);

Nasyonzini ak ONG yo ta sipoze:

- Asire, en kolaborasyon avèk lòt òganizasyon entènasyonal yo ak ògan leta yo, ke yo adopte yon apròch ki fè plis sans e ki pi entegre nan sa ki pou wè ak konstriksyon ak devlopman. Apròch sila sipoze ken ladann lojman, djòb, ak aksè a sèvis de baz yo;
- Renfòse san pèdi tan, sipò ke yap bay enstitisyon leta yo nan tout nivo e ofri yo asistans ki nesèsè pou pèmèt pran tèt pwosesis rekonstriksyon an, an kòmansan pa gwoup ONG kap travay ansan pou yon bon trabay yo rele clusters yo;
- Kite faz sekou pou rantre nan faz remete peyi-a kanpe, ak bay peyi-a èd pou’l devlope, èd kap kore aktivite pou moun viv ak kreyasyon travay. Sa ki vle di devlopman sektè prive ak piblik;
- Travay avèk sektè prive-a pou deblèman ka fèt pi vit ak pou kreye travay; donatè yo sipoze kore pwogramm sila-a;
- Asire ke kominote yo patisipe plis nan verifye ki jan de kay ak ki kontra yo avan tranbleman tè-a, bay fòmasyon ak zouti a moun ki deplase yo pou yo ka kòmanse konstwi ak repare lakay yo san yo bezwen nan ret tann pakèt bann tan ak pwoblèm ki gen nan zafè tè.

Otorite peyi d’Ayiti yo, gouvènman peyi donatè yo, l’ONI, ak ONG entènasyonal tout ansanm ta sipoze:

- Konsilte, kominike, epi fè sitwayen Ayisyen yo patisipe tout bon vre nan rekonstriksyon peyi yo, epi asire yo pwogramm pou remete peyi a sou ray yo koresponn a bezwen ki pi enpòtan pou yo;
- Voye plis je sou moun ki pòv ki rete nan zòn riral yo ak sa ki rete nan bidonvil ki pap viv nan kan yo.

Nòt

- 1 Rapò sou Sitiyasyon Kolera Nimewo 23 Desanm 2010 ki soti nan UN OCHA: <http://ochaonline.un.org/tabid/6412/language/en-US/Default.aspx>UN OCHA Haiti
- 2 Rezilta eleksyon mwa Novanm yo poko verifye, li pa klè si orè original lan ap respekte
3. Venntwit Desanm vini epi rezilta eleksyon yo pot ko verifye,. Sa vle di li poko klè si orè an ap respekte.
- 4 Pandan rankon ki te fèt avek Nasyonzini ak anplwaye anbasad etranje yo an Ayiti nan mwa Novanm ak Desanm, yo fè Oxfam konnen ke Etazini te jwe yon wol enpotan nan fòmasyon CIRH lan epi yo souliye enpotans Etazini nan tout fonksyon CIRH
- 5 Moun an sa yo reprezante diaspora ak ONG Ayisyen yo. An plis de sa gen yon reprezantan sendika travay ak yon reprezantan sektè dezafè ki kapab vote
- 6 Rankont avek fonksyonè Nasyonzini kote li souliye ke manke kòdinasyon ant donate yo.Novanm 2010.
- 7 Anvwaye Spesyal pou Ayiti Ki sot nan Biwo Nasyonzini , Novanm 2010 <http://www.haitispecialenvoy.org/>
- 8 Gwo kantite ONG kap bay sèvis nan peyi an olye se Leta ki fèl vinn lakoz moun rele Ayiti "replik ONG yo".. E.g. <http://www.usip.org/publications/haiti-republic-ngos>
- 9 Eleksyon yo te gen pou yo te fèt nan mwa Fevriye men ak'oz tranbleman an yo vinn ranvwaye. Swadizan iregilyarite nan eleksyon mwa Novanm te lakoz anpil manifestasyon ak vyolans.
- 10 Ant 2001 ak Mas 2007 , Between 2001 and March 2007, disasters resulted in 18,441 deaths and made 132,000 people homeless, costing an estimated \$4.6bn. www.alnap.org/pool/files/haiti-context-analysis-final.pdf.
- 11 Kolera an te komanse nan Latibonit yon zòn tranblmantè an pa'afekte direktman.
- 12 Bank Mondyal. 2009 'Indikatè Devlopman Mondyal.' Bank Mondyal , Washington D.C. <http://data.worldbank.org/indicator>. Transparency International. 2009. Corruption perception index. http://www.transparency.org/policy_research/surveys_indices/cpi/2009. United Nations Development Programme. 2009. Human development report 2009: Haiti. UNDP, New York. http://hdrstats.undp.org/en/countries/country_fact_sheets/cty_fs_HTI.html. World Health Organization ak UNICEF 2010. Ayiti: Sevis asenisman amelyore (1980–2008). Pwogram Evalyasyon pou Dlo ak Asenisman, Mas. http://www.wssinfo.org/download?id_document=1020. csite nan repons tranbleman Ayiti an, Ananliz Konteks, Jiye 2010, www.alnap.org/pool/files/haiti-context-analysis-final.pdf
- 13 Diskou Bill Clinton, Mas 2010, ki te site nan Rezime Gwoup Sipo pou Ayiti , Nimewo 65 Septanm 2010. <http://www.haitisupportgroup.org/>
- 14 Francois Duvalier ('Papa Doc') te dirije peyi Dayiti soti 1957 rive 1971; pitit li JEan-Claude Duvalier ('Baby Doc') te dirije peyi a soti 1971 rive 1986 lè yo mete l deyo.
- 15 Pwodiksyon diri nasyonal la tombe preske 50 pousan ant 1990 ak 1999, jounen jodiya li toujou 6 pousan pi ba pase jan li te ye nan ane 1980 yo. Oxfam International (2002) op. cit.: 'Planting. Now'http://publications.oxfam.org.uk/display.asp?k=e2010101510562844&sort=sort_date/d&sf1=cat_class&sf2=610&ds=Aid&m=8&dc=596] FAO, FAOSTAT database, <http://faostat.fao.org/default.aspx>.
- 16 RAND Sektè Rechèch Sekirite Nasyonal, "Building a more resilient Haitian State" 2010. www.rand.org/pubs/monographs/2010/RAND_MG1039.pdf
- 17 Repons sou tranbleman Ayiti an , Analiz Konteks la, Jiye 2010, ALNAP: www.alnap.org/pool/files/haiti-context-analysis-final.pdf
- 18 Depi 20 Novanm swasandouz pousan Revizyon Apel Imanitè an pou Ayiti te finanse avek yon milya dola <http://fts.unocha.org/pageloader.aspx?page=emerg-emergencyDetails&appealID=893>
- 19 Rapo Nasyonzini : Ayiti sis mwa Apre Jiye 2010 .
- 20 Evalyasyon Veritab Intè Ajan enstiti Groupe U.R.D (urgence, réhabilitation, développement. Politik Piblik Global te fè nan Mas 2010 <http://www.reliefweb.int/rw/rwb.nsf/db900SID/EDIS-89DQV8?OpenDocument>
- 21 Chif sou deplase yo, oganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon, 9 Desanm 2010 . Gen anpil ajans kap travay nan peyi a pa avek chif sa yo
- 22 Rankont avek manm ki nan gwoup WASH, Abri, ak Retablisman, Novanm 2010
- 23 Chif sa pa enkli det ki efase yo ak lòt kontribisyon sou fòm lajan. Anvwaye Spesyal pou Ayiti Ki sot nan Biwo Nasyonzini <http://www.haitispecialenvoy.org/>
- 24 http://www.haitispecialenvoy.org/about_us/mission
- 25 Pale ki fèt nan telefon avek reprezantan donate yon nan beyi Beljik, 12 Desanm 2010, ki te apwouve komantè de lòt gwo donate Ewopeyen Oxfam te rankontre Desanm 2010 te fè
- 26 Debleyaj ak demolisyon kay wouj yo nwi paske li poko klè kilyès ki mè dekonb yo
- 27 Rankont avek yon Ofisyè Donatè Ewopeyen ki fèt 17 Novanm 2010. Rankont sa te souleve mem inkyetid ki te souleve nan yon nòt Anbasad Ameriken te soti nan mwa Novanm 2010. nòt lan di Ayiti ap soufri yon vid politik ke moun ki pa vreman enterese nan peyi okipe.http://www.lemonde.fr/international/article/2010/11/29/haiti-rene-preval-un-president-tetu-et-soupconneux_1446619_3210.html
- 28 Eleksyon prezidansyel ak lejistaiv te fèt 28 Novanm 2010. Moun te konteste rezilta yo akoz te gen anpil

- iregilyarite nan vòt yo. Sa vinn fè anpil manifestasyon vyolan.
- 29 Sondaj Oxfam fè sou kominote yo nan mwa Mas 2010 . Nan yon fòkis gwoup ki te fèt apa nan mwa Desanm 2010 avek douz reprezantan ki sot nan kat òganizasyon sosyete sivil la nan Potoprens, pa gen okenn nan patisipan yo ki santi Plan Daksyon Nasyonal la pou Rekonstriksyon ak Devlopman te yon dokiman Ayisyen . yon moun te di ' Pagen moun ki te mande sitwayen peyi a sa yo panse'.
 - 30 Rankont avek Oxfam, 21 Oktob 2010.
 - 31 Pa egzanzp , gouveman Espay ap bay asistans teknik ak plis pase 100m ewo bay DINEPA. Tsa pwal pèmèt DINEPA fòme ak anplwaye plis moun ki kalifye epi l'ap gen mwayen pou li achte bon jan materyel.
 - 32 Oxfam voye yon espesyalis nan jesyon fatra pou ede DINEPA devlope nouvo politik epi bou bay konsey teknik
 - 33 T Avek sipo FAO, Ministè Agrikilti an te jwenn mwayen pou li te pibliye strateji le kèk jou apre tranbleman an.
 - 34 Enfòmasyon sa a enpotan nan planifikasyon ak egzekisyon pwojè ed yo epi tou li ap sevi pou ranfòse refòm agrikilti alontèm.
 - 35 Avek sipò Oxfam, UCS ap developemesaj sou pwomosyon ijyèn epi ditribye yo bay popilasyon an .
 - 36 <http://protectioncivilehaiti.net/spgrd.htm>. Sa se 'Plan nasyonal jesyon risk ak dezaz' <http://protectioncivilehaiti.net/spgrd.htm>.
 - 37 Mas 2010. <http://secretaryclinton.wordpress.com/2010/03/31/hillary-clinton-at-the-haiti-donors-conference/>
 - 38 Yon sindikalis ki te site nan Rapò nimewo 65 Gwoup kap sipote Ayiti, Septanm 2010. http://www.haitisupportgroup.org/index.php?option=com_content&view=article&id=341&Itemid=235 .
 - 39 <http://www.reliefweb.int/rw/rwb.nsf/db900sid/SNAA-83U9KC?OpenDocument>
 - 40 Dapre Plan Daksyon an , gen kritè ki ta sipoze respekte pou tranbleman vinn tounen yon okazyon pou chanjeman malgre li te fè anpil dega. www.haiticonference.org/Haiti_Action_Plan_ENG.pdf
 - 41 Rankont avek Oxfam, Novanm 2010; antrevi nan telefon, delegasyon donate ki ale nan Nasyonzini nan Nouyòk epi te vinn Potoprens nan mwa Novanm 2010
 - 42 Sondaj Oxfam fè sou kominote yo nan, Mas 2010
 - 43 Yon ofisyè ki byen ak Premye Minis di ke pandan Leta te gen dout sou CIRH la sitiasyon finas lan te telman mal li te oblije fè tout sa li te kapab pou jwenn finasman nan men donate yo. Lè etablisman CIRH te anonse anpil manifestasyon te fèt kont Komisyon an ak Leta tou. Rankont avek Oxfam, 28 Oktob 2010
 - 44 Komisyon an gen ladan l reprezantan Leta Ayisyen ak reprezantan tout donate ki te bay plis pase \$100m sou dezan oubyen \$200m pou soulaje dèt peyi Dayiti. De direkte yo se Ansyen Prezidan Bill Clinton ak Premye Minis Ayisyen an.
 - 45 Artik 12 nan òd prezidansyel la ki te kreye CIRH la: 'CIRH ap bay tout minister ki konsene yo yon asistans teknik entènasyonal ki nesese pou ranfòse kapasite yo pou ranpli manda yo nan sa ki konsene priyorite devlopman ak pwojè yo.
 - 46 Komisyon an te kreye dapre la lwa nan dat ki te 15 Avril 2010 epi li gen yon manda 18 mwa. <http://www.cirh.ht/sites/ihrc/en/Pages/default.aspx>
 - 47 Plan lojman an te prezante bay gouveman Ayisyen an nan reinyon CIRH jou ki te 14 Desanm 2010. <http://www.cirh.ht/sites/ihrc/en/Pages/default.aspx>
 - 48 CIRH la ap fè yon egzesis katografi sou pwojè ONG yo an Ayiti san Ministè Planifikasyon an pa ladan
 - 49 Yon reprezantan donate estime ke selman 40 pousan pèsonel lan te gentan angaje nan fin mwa Novanm lan
 - 50 De nan donate yo ki nan Komisyon an dit yo resevwa pwopzisyon de oubyen twa jou anvan reinyon yo. Gen de lò yo pa resevwa yo menm. Sa se paske gen dè fwa voye dokiman yo bay katye jeneral la olye nan biwo yo ki an Ayiti.
 - 51 Rankont avek yon reprezantan donatè, 2 Desanm 2010
 - 52 Gen yon reprezantan diaspora epi yon reprezantan pou ONG yo ki pa kapab vote. Gen yon reprezantan sendika travay ak yon reprezantan sektè dezafè ki pa kapab vote
 - 53 Komisyon an ap komanse fè reklam pou pos sa 3 Desanm. <http://www.cirh.ht/sites/ihrc/en/about%20us/Pages/default.aspx>
 - 54 Rankont avek otorite nasyonal yo, UNDP ak manm Gwoup Retablisman Annavans . Gwoup la te reprann reinyon li yo Novanm 2010 anba lidèchip UNDP.
 - 55 Rankont avek donate yo ki finanse DCP, Novanm 2010
 - 56 Leta òganize reinyon regilye sou kòdinasyon yo rele tab sektoryel kote yo pale sou gwo pwoblèm yo tankou sante ak edikasyon . Imedyatman apre tranbleman an etablisman yon system cluster te nesese epi li te amelyore kòdinasyon ant ajans yo. Kounya ke ajans yo ap soti nan faz ijans lan pou ale nan pwojè alontèm klusteryo ta sipoze travay nan tet kole ak enstitisyon Leta.
 - 57 Rankont Oxfam te genyen avek otorite nasyonal yo, Novanm 2010
 - 58 Rankont avek Ofisyè ki soti nan anbasad etranje yo kote yo site chif Leta te bay , Novanm 2010. Ministè Planifikasyon an te verifye chif sa yo.
 - 59 Rapo sou done ('Data tracking matrix') Gwoup Kòdinasyon ak Jesyon kan yo, Oktob 2010 .
 - 61 Sa yo seabri pwovizwa oubyen ti kay an bwa . UN Habitat estime gen selamnan yon santenn nan kay sa yo ki gentan fèt .

- 62 Tranbleman Ayiti an, Evalyasyon Apre Tranbleman an : Evalyasyon sou dega,sa ki pedi, ak bezwen jeneral ak sektoryel, (Anèks Plan Daksyon pou Retablisman Ak Devlopman Nasyonal) Mas
- 63 Gwoup Diskisyon Oxfam , 2 Desanm 2010, Kan Koray
- 64 2010Nasyonzini di ke ajans imanité yo gentan 19,000 abri ki ka abrite 94,000 moun, aprepre 6 pousan moun ki san kay . Rankont avek UN Habitat, Novanm 2010.
- 65 Oxfam focus gwoup, 2 Desanm 2010,Kan koray
- 66 Kad Lojik CIRH la sou Kouman pou fè moun yo retounen nan Katye yo, Yon Plan Retablisman pou Ayiti. Bouyon fèt nan mwa Oktob 2010 men Leta Ayisyen poko apwouve li.
- 67 Gouvènman Ayiti, Jen 2010
- 68 \$77,890,748 dola disponib pou bati 103,195 abri pwovizwa tankou ti kay an bwa yo . Rapò sou sitiasyon ki soti nan OCHA Jen 2010
- 69 Chif egzakt yo su debleyaj pa disponib. Sepandan, UN Habitat di sa se pi gwo obstak nan fè moun yo retounen lakay yo epi debleyaj lan pa ka byen fèt paske donate yo make bay finansman pou sa. Reprèzantan Ong yo Oxfam te rankontre di yo pa wè debleyaj lan tankou yon bagay ki chelbe.
- 70 ONG yo gen finansman ki disponib, pou yo ka koumanse pwogram debleyaj nan yon apwoch konstriksyon ak mwayen sibzistans tankou Cash-for-work; Sepandan pwogram cash-for-work lan two piti pou l fen yon gwo chanjman.ECHO ak lòt donate yo di se selman yon apwoch massif ki enlipe antrepriz prive, pwa lou, ak traktè ki ka rezoud pwoblem debeyaj la. Gen gwo apwoch serye ki komanse nan Kapital la men poko gen pwoje debleyaj nan katye enfòmèl yo.
- 71 Se CNE ki responsab konstriksyon ak antretyen enfrastrikti peyi an.
- 72 Rankont avek anplwaye UN Habitat e Care, Novanm 2010.
- 73 Nan ECHO, biwo Inyon Ewopeyen pou ed imanité.
- 74 Nan mwa Avril gen moun yo te deplase sot nan yon kan Petyonvil pou ale Koray ki andeyò Kapital la. Zòn lan yon chwazi a ka viktim inondasyon ak gwo van. Epi pa gen aktivite ekonomik nan zòn lan.
- 75 Tranbleman Ayiti an, Evalyasyon Apre Tranbleman an : Evalyasyon sou dega,sa ki pedi, ak bezwen jeneral ak sektoryel, (Anèks Plan Daksyon pou Retablisman Ak Devlopman Nasyonal) Mas 2010
- 76 sa te enkli latrinn famiyal ki ka dire twa oubyen kat lane. Fanmi yo te jwenn klè latrinn yo pou ankouraje fanmi yo epi amelyore fason yo okipe latrinn yo.
- 77 Oxfam GB pokont li ap depanse \$167,000 chak mwa pou livrezon dlo
- 78 sa te enkli latrinn famiyal ki ka dire twa oubyen kat lane. Fanmi yo te jwenn klè latrinn yo pou ankouraje fanmi yo epi amelyore fason yo okipe latrinn yo.
- 79 Tranbleman Ayiti an, Evalyasyon Apre Tranbleman an : Evalyasyon sou dega,sa ki pedi, ak bezwen jeneral ak sektoryel, (Anèks Plan Daksyon pou Retablisman Ak Devlopman Nasyonal) Mas
<https://www.cimicweb.org/cmo/haiti/.../Haiti%20PDNA%20FAQs.pdf>
- 80 Gwoup Diskisyon Oxfam , 2 Desanm 2010, Kan Koray
- 81 Rapò sou Evalyason Pwojè, 2010
- 82 Pwogram Zafen Fonkoze met sou pye ap travay avek djaspora an pou ankouraje yo envesti lajan yap voye Ayiti . sou yon sit entènet espesyal Fonkoze montre okazyon ki genyen pou moun envesti nan ti antrepriz. Nan moman an gen selam 75 antrepriz ki anrejistre men sa ka vinn grandi si yo travay avek Ministè Ayisyen kap Viv lòt Bò
- 83 Premye evalyasyon ki fèt montre moun ki te resevwa don lajan Oxfam yo te depanse l pou peye sevis sosyal ak lekòl timoun yo.
- 84 Oxfam Entènasyonal (Me 2010) 'Plante Kounya: Defi ak Okazyon Agrikilti nan Rekonstrikasyon Ayiti' .
http://publications.oxfam.org.uk/display.asp?k=e2010101510562844&sort=sort_date/d&sf1=cat_class&st1=610&ds=Aid&m=8&dc=596

© Oxfam International January 2011

This paper was written by Martin Hartberg with support from Aurelie Proust and Michael Bailey. Oxfam would like to thank Julie Schindall, Ana Arendar, Herold Toussaint, Tonny Joseph and many other colleagues for their assistance in its production. It is part of a series of papers written to inform public debate on development and humanitarian policy issues.

This publication is copyright but the text may be used free of charge for the purposes of advocacy, campaigning, education, and research, provided that the source is acknowledged in full. The copyright holder requests that all such use be registered with them for impact assessment purposes. For copying in any other circumstances, or for re-use in other publications, or for translation or adaptation, permission must be secured and a fee may be charged. E-mail publish@oxfam.org.uk.

For further information on the issues raised in this paper please e-mail advocacy@oxfaminternational.org.

The information in this publication is correct at the time of going to press.

Published by Oxfam GB for Oxfam International under ISBN 978-1-84814-789-8 in January 2011. Oxfam GB, Oxfam House, John Smith Drive, Cowley, Oxford, OX4 2JY, UK.

Oxfam

Oxfam is an international confederation of fourteen organizations working together in 99 countries to find lasting solutions to poverty and injustice:

Oxfam America (www.oxfamamerica.org),
Oxfam Australia (www.oxfam.org.au),
Oxfam-in-Belgium (www.oxfamsol.be),
Oxfam Canada (www.oxfam.ca),
Oxfam France (www.oxfamfrance.org),
Oxfam Germany (www.oxfam.de),
Oxfam GB (www.oxfam.org.uk),
Oxfam Hong Kong (www.oxfam.org.hk),
Intermon Oxfam (www.intermonoxfam.org),
Oxfam Ireland (www.oxfamireland.org),
Oxfam Mexico (www.oxfammexico.org),
Oxfam New Zealand (www.oxfam.org.nz)
Oxfam Novib (www.oxfamnovib.nl),
Oxfam Quebec (www.oxfam.qc.ca)

The following organizations are currently observer members of Oxfam, working towards full affiliation:

Oxfam India (www.oxfamindia.org)
Oxfam Japan (www.oxfam.jp)
Oxfam Italy (www.oxfamitalia.org)

Please write to any of the agencies for further information, or visit www.oxfam.org. Email: advocacy@oxfaminternational.org

www.oxfam.org

